Tribinal Distri Etazini pou Distri Lès Nouyòk

Philip Calderon et al v. Public Partnerships LLC
Nimewo ka 25-cv-2320 (FB)(LKE)

Avi sou Aksyon Kolektif

Tribinal Distri Etazini Otorize l

Disponib nan lòt lang sou PublicPartnershipsSettlement.com

Èske w se yon asistan pèsonèl yo te peye atravè Public Partnerships LLC kòm entèmedyè fiskal nan tout eta a pou sèvis yo te fè nan kad Pwogram Asistan Pèsonèl Konsomatè Dirije (CDPAP) a nan Vil Nouyòk, Konte Nassau, Konte Suffolk, ak/oswa Konte Westchester ant 1ye mas 2025 ak 30 avril 2026?

Ou ka gen dwa pou w jwenn lajan.

Tribinal Distri Etazini an te bay apwobasyon preliminè pou yon règleman nan pwosè kolektif *Calderon et al v. Public Partnerships LLC.*

Pou w aprann plis sou règleman sa a, li Avi sa a oswa vizite sit entènèt règleman an.

Bagay enpòtan ou dwe konnen:

- Si w pa poze okenn aksyon, w ap otomatikman vin yon manm gwoup la epi ou ka jwenn lajan nan règleman an. Sòf si w chwazi pa patisipe, desizyon tribinal la ap aplike pou ou, epi w p ap kapab pouswiv Public Partnerships LLC pou menm pwoblèm yo.

- **Pami lòt reklamasyon yo, Règleman sa a fè ou renonse ak nenpòt reklamasyon kont Public Partnerships LLC ki rive dapre Lwa sou Nòm Travay Ekitab (FLSA), ki se lwa federal sou salè ak lè travay, jiska 23 jen 2026**. Si w pa eskli tèt ou nan Règleman an lè w chwazi pa patisipe nan Règleman an, epi Tribinal la apwouve Règleman an, w ap renonse ak dwa pou w fè yon reklamasyon pou nenpòt vyolasyon FLSA, ki gen ladan nenpòt swadizan salè ki poko peye dapre FLSA a ak nenpòt domaj likid ki disponib, jiska 23 jen 2026.

- Ou ka aprann plis nan: **www.PublicPartnershipsSettlement.com**

Tabdèmatyè

Konsènan Avi sa a 3
Poukisa mwen te resevwa yon avi pa imèl oswa mesaj tèks? 3
Kisa pou m fè apre sa? 3
Aprann Sou Pwosè a 4
De kisa pwosè sa a pale? 4
Ki pozisyon Public Partnerships LLC? 5
Poukisa gen yon règleman nan pwosè sa a? 5
Èske Tribinal la te detèmine si Pleyan yo oswa Public Partnerships LLC te genyen? 5
Kisa k ap pase apre nan pwosè sa a? 5
Aprann sou Règleman an 6
Kisa règleman an bay? 6
Kijan pou mwen konnen si mwen fè pati règleman an? 7
Konbyen kòb mwen pral resevwa kòm pèman? 8
Èske gen taks epi kiyès ki peye yo? 8
Kisa m ap abandone pou m rete nan Gwoup Règleman an? 8
Deside Kisa pou w Fè 9
Kijan pou m evalye opsyon mwen yo? 9
Resevwa yon Peman 10
Kijan mwen pral resevwa peman mwen an? 10
Èske mwen gen yon avoka nan pwosè sa a? 10
Èske mwen dwe peye avoka yo nan pwosè sa a? 10
Chwazi Pa patisipe 11
E si mwen pa vle fè pati règleman sa a? 11
Kijan pou m refize patisipe? 11
Objeksyon 11
E si mwen pa dakò ak règleman an? 11
Pa fè anyen 12
Ki konsekans ki genyen si w pa fè anyen? 12
Resous Kle yo 12
Kijan pou m jwenn plis enfòmasyon? 12

Konsènan Avi sa a

Poukisa mwen te resevwa yon avi pa imèl oswa mesaj tèks?

Si w te resevwa yon avi pa imèl oswa mesaj tèks, dosye nou yo idantifye w kòm yon manm gwoup moun ki afekte yo, yo rele "Gwoup" la. Avi sa a se pou enfòme w sou règleman yon pwosè kolektif, ***Calderon et al v. Public Partnerships LLC*.** Règleman yo pwopoze a t ap kouvri tout asistan pèsonèl aktyèl ak ansyen ki te bay sèvis nan kad Pwogram Asistan Pèsonèl Konsomatè Dirije (CDPAP) nan Vil Nouyòk, Konte Nassau, Konte Suffolk, ak/oswa Konte Westchester (ansanm, "asistan pèsonèl nan zòn sid eta a"), nenpòt ki lè ant 1ye mas 2025 ak 30 avril 2026, epi yo te peye yo atravè Public Partnerships LLC kòm entèmedyè fiskal nan tout eta a. Akò règleman an eksplike ki dwa manm gwoup yo genyen, epi li ede manm gwoup yo pran desizyon reflechi sou ki aksyon pou yo poze.

Si w te resevwa yon avi pa kat postal nan lapòs la, se paske nou pa t ka jwenn ou pa imèl oswa mesaj tèks. Ou toujou fè pati Gwoup la. Ou ta dwe konekte sou sit entènèt règleman an pou w mete nou ajou ak enfòmasyon kontak ou oswa imèl ou oswa rele Administratè Règleman an (PublicPartnershipsSettlement@atticusadmin.com, 1-800-314-2601).

Si w panse ou se yon manm gwoup la men ou pa t resevwa yon imèl, tèks, oswa kat postal, rele Administratè Règleman an nan 1-800-314-2601.

Kisa pou m fè apre sa?

Li Avi sa a pou w konprann règleman an epi detèmine si w se yon manm gwoup la. Apre sa, deside si w vle:

Opsyon	Plis enfòmasyon sou chak opsyon
Pa fè anyen	Si w pa fè anyen, w ap resevwa yon peman. Kantite lajan w ap resevwa a pral depann de plizyè faktè, tankou: (1) konbyen èdtan ou te travay nan CDPAP pandan w te anrejistre epi yo te peye w atravè entèmedyè fiskal Public Partnerships LLC ant 1ye mas 2025 ak 30 avril 2026; (2) si w te kalifye pou bonis yo te pwomèt lè yo te anboche w men yo pa t peye w li; (3) kantite konpansasyon w yo te bay pou benefis MEC yo; ak (4) kantite konpansasyon w yo te bay pou PTO ak konbyen ki rete nan balans PTO w la. Ou pral renonse tou ak dwa ki rezoud nan règleman an. Espesyalman, w ap renonse dwa pou w pouswiv Public Partnerships LLC pou reklamasyon ki fèt nan Aksyon sa a, ak tout lòt reklamasyon ki gen rapò ak salè ak lè jiska 23 jen 2026. Renonsyasyon sa a gen ladan nenpòt reklamasyon potansyèl dapre Lwa sou Estanda Travay

	Ekitab la, Lwa sou Travay Nouyòk la, Lwa sou Konje Peye pou Sekirite ak Maladi Eta Nouyòk la, Lwa sou Konje Peye pou Sekirite ak Maladi Vil Nouyòk la, Lwa sou Parite Salè Travayè Swen Adomisil la, ak pou vyolasyon kontra. Gade seksyon "Kisa m ap abandone pou m rete nan Gwoup règleman an" ki anba a. Ou ka benefisye tou nan pratik ki chanje yo. Espesyalman, apati 30 avril 2026, Public Partnerships LLC pa egzije ankò pou anplwaye yo patisipe nan plan MEC la. Yo bay plis detay sou chanjman ki t ap benefisye w yo nan seksyon "Aprann sou Règleman" an ki anba a.
Chwazi Pa Patisipe	Si w chwazi pa patisipe, ou p ap resevwa okenn peman, men w ap kenbe dwa pou w pote nenpòt reklamasyon ou ka genyen kont Public Partnerships LLC. Gade seksyon "Chwazi Pa Patisipe" ki anba a.
Fè Objeksyon	Di Tribinal la poukisa w pa renmen Règleman an. Ou pa ka fè objeksyon si w chwazi pa patisipe. Si w fè objeksyon e yo apwouve règleman an kanmenm, w ap toujou resevwa yon peman. Gade seksyon "Fè Objeksyon" ki anba a.

Kontinye li pou w konprann detay règleman an ak sa chak chwa ta vle di pou ou.

Aprann Sou Pwosè a

De kisa pwosè sa a pale?

Kat pleyan endividyèl, Philip Calderon, Allison Fields, Farshad Pinchasi, ak Dana Folgar ("Pleyan yo" oswa "Reprezantan Gwoup yo") deklare Public Partnerships LLC pa t peye travayè yo tout salè yo te dwe yo legalman alè e nan bon pousantaj la, sa ki vyole Lwa sou Estanda Travay Ekitab yo ak Lwa Travay Nouyòk la.

Pleyan yo deklare tou òf avantaj Public Partnerships LLC yo pa t konfòm avèk Lwa Nouyòk sou Parite Salè Travayè Swen Adomisil la. Pleyan yo te pote ka a nan non Gwoup la, ansanm ak pou tèt yo.

Ki kote mwen ka aprann plis?
Ou ka jwenn yon kopi konplè règleman yo pwopoze a ak lòt dokiman kle nan pwosè sa a nan: PublicPartnershipsSettlement.com/Settlement-Documents

Règleman yo pwopoze a t ap kouvri tout asistan pèsonèl aktyèl ak ansyen asistan pèsonèl yo te peye atravè Public Partnerships LLC kòm entèmedyè fiskal nan tout eta a pou sèvis yo te fè nan kad CDPAP nan Vil Nouyòk, Konte Nassau, Konte Suffolk, ak/oswa Konte Westchester (ansanm, "asistan pèsonèl nan zòn sid eta a") nenpòt ki lè ant 1ye mas 2025 ak 30 avril 2026.

Ki pozisyon Public Partnerships LLC?

Public Partnerships LLC konteste akizasyon ki nan pwosè a epi li refize nenpòt zak ki pa kòrèk. Public Partnerships LLC te antre nan règleman sa a pou evite tan ak depans ki gen nan pwosè ki kontinye yo, epi pou rete totalman konsantre sou konsomatè yo ak moun k ap bay swen yo li sipòte atravè peyi a.

Poukisa gen yon règleman nan pwosè sa a?

Nan dat 1ye me 2026, Pleyan yo ak Public Partnerships LLC te dakò pou yo fè yon aranjman, sa vle di yo te rive jwenn yon akò pou rezoud pwosè a. Tou de pati yo vle evite risk ak depans pou plis pwosè.

Règleman an se nan non travayè ki te pote ka a ak tout manm Gwoup Règleman an. Tribinal la pa te deside ka sa a an favè okenn nan pati yo, ni li pa te detèmine si nenpòt moun ta ka rekipere nenpòt kantite lajan nan pwosè sa a.

Kisa yon règleman aksyon kolektif ye?

Yon règleman aksyon kolektif se yon akò ant Pati yo pou rezoud epi mete fen nan ka a. Règleman yo ka bay lajan pou manm Gwoup yo ak chanjman nan pratik yo Pleyan yo deklare ki te lakòz domaj pou manm Gwoup yo.

Si yo apwouve l, règleman an pral sispann pwosè a pou yo pa kontinye diskite l. Si ka a te kontinye nan tribinal, gen yon posibilite pou Public Partnerships LLC ta genyen e travayè yo pa t ap resevwa anyen. Gen tou posibilite pou yo mande Public Partnerships LLC pou yo peye plis pase sa yo te dakò pou yo peye dapre règleman an.

Avoka Gwoup, avoka Katz Banks Kumin LLP ak The Legal Aid Society ki reprezante Pleyan yo, te mennen ankèt sou reyalite yo ak lwa ki aplikab konsènan reklamasyon yo ak defans yo. Pati yo te angaje yo nan negosyasyon long e san patipri pou yo rive jwenn règleman sa a avèk èd yon medyatè tyès pati ki net. Reprezantan gwoup yo ak Avoka Gwoup yo kwè règleman yo pwopoze a jis, rezonab, adekwa e nan pi bon enterè gwoup la.

Èske Tribinal la te detèmine si Pleyan yo oswa Public Partnerships LLC te genyen?

Non. Sa a se yon règleman. Sa vle di Pati yo te rezoud pwoblèm nan anvan Tribinal la te rann yon jijman ki te konsidere nenpòt pati kòm "gayan" an.

Kisa k ap pase apre nan pwosè sa a?

Tribinal la pral fè yon odyans ekitab pou deside si l ap apwouve règleman an. Dènye odyans ekitab la ap fèt nan:

Ki kote: U.S. District Court for the Eastern District of New York
Courtroom 13B, 225 Cadman Plaza East, Brooklyn, NY 11201

Kilè: 11:00 a.m. nan dat 10 novanm 2026.

Tribinal la te mande pati yo pou yo voye yon Avi ba ou konsènan règleman yo pwopoze a. Paske règleman yon aksyon kolektif deside dwa tout manm gwoup yo pwopoze a, tribinal la dwe bay apwobasyon final pou règleman an anvan li ka antre an vigè. Yo pral fè peman yo sèlman si tribinal la apwouve règleman an.

Ou pa oblije patisipe, men ou ka fè sa ak pwòp depans ou. Ou gen dwa pou w parèt nan dosye a atravè yon avoka si w vle. Ou ka mande Tribinal la tou pèmisyon pou w pale epi eksprime opinyon w sou règleman an. Si Tribinal la pa apwouve règleman an oswa pati yo deside mete fen nan li, li pral anile e pwosè a ap kontinye. Dat odyans lan ka chanje san yo pa bay manm gwoup la okenn lòt avi. Pou aprann plis epi konfime dat odyans lan, ale sou **www.PublicPartnershipsSettlement.com**.

Aprann sou Règleman an

Kisa règleman an bay?

Règleman an bay sa ki annapre yo, yo pral distribye yo bay apeprè 200,000 asistan pèsonèl nan zòn sid eta a:

- 40.5 milyon dola nan domaj jeneral;
- 25 milyon dola nan konpansasyon parite salè yo te deja bay plan Kouvèti Esansyèl Minimòm (MEC) la;
- 92 milyon dola nan konje peye ki akimile (balans PTO Manm Gwoup yo pral rekonsilye pou reflete distribisyon sa a);
- Yon fon rezèv 4.5 milyon dola; epi
- Nenpòt lajan ki pa depanse yo bay nan plan MEC la apre 30 avril 2027.

Y ap peye gwoup la apre yo fin peye depans pou pwosè tribinal la apwouve yo, frè pou Avoka Gwoup la, depans pou administrasyon règleman an, ak rekonpans pou sèvis yo bay chak pleyan ki te pote ka sa a.

W ap jwenn yon dyagram tout peman Public Partnerships LLC te dakò fè anba a:

Anplis de sa, nan kad règleman an, Public Partnerships LLC te mete fen nan plan obligatwa MEC la apati 30 avril 2026, epi li pral pèmèt Pleyan yo fè verifikasyon kontab ak yon ekspè nan kontablite jidisyè sou Plan MEC la ak pwogram PTO a pou asire yo peye tout èd ki disponib pou Gwoup la.

Sa a se jis yon rezime avantaj ki disponib atravè Règleman an. Tanpri ale gade Akò Règleman konplè ki disponib nan lyen isit la pou w jwenn tout detay yo.

Kijan pou mwen konnen si mwen fè pati règleman an?

Si w te resevwa yon imèl, yon tèks, oswa yon Avi pa kat postal, dosye Public Partnerships LLC yo endike ou se yon manm Gwoup Règleman an. Gwoup Règleman an gen ladan tout asistan pèsonèl aktyèl ak ansyen asistan pèsonèl yo te peye atravè Public Partnerships LLC kòm entèmedyè fiskal nan tout eta a pou sèvis yo te fè nan kad CDPAP nan Vil Nouyòk, Konte Nassau, Konte Suffolk, ak/oswa Konte Westchester (ansanm, "asistan pèsonèl nan zòn sid eta a") nenpòt ki lè ant 1ye mas 2025 ak 30 avril 2026.

Si w pa t resevwa yon imèl, tèks, oswa Avi pa kat postal epi w kwè ou se yon manm Gwoup règleman an, voye yon imèl oswa rele Administratè Règleman an (PublicPartnershipsSettlement@atticusadmin.com, 1-800-314-2601).

Konbyen kòb mwen pral resevwa kòm pèman?

Kantite lajan w ap resevwa a pral depann de plizyè faktè:

(1) konbyen èdtan ou te travay nan CDPAP pandan w te anrejistre epi yo te peye w atravè entèmedyè fiskal Public Partnerships LLC ant 1ye mas 2025 ak 30 avril 2026;

(2) si w te kalifye pou bonis yo te pwomèt lè yo te anboche w men yo pa t peye w li;

(3) kantite lajan konpansasyon w ki afekte pou benefis MEC yo; epi

(4) kantite lajan konpansasyon w ki afekte pou PTO ak kantite ki rete nan balans PTO w la.

Èske gen taks epi kiyès ki peye yo?

Wi, lajan règleman an pral alafwa salè W2, kote yo pral kenbe taks yo, ak salè 1099, kote se ou ki responsab pou peye taks yo. Ou pral responsab pou w peye taks sou tout Pèman Règleman w ap resevwa yo, kit ou resevwa yon 1099 kit ou pa resevwa l (Lwa federal la egzije sèlman pou yo voye fòm sa yo bay moun ki resevwa plis pase 2,000 dola nan domaj ki pa salè).

Anplis montan règleman an, Public Partnerships LLC pral peye pati patwon an nan taks yo.

Ni defandè yo ni avoka gwoup la pa ba w konsèy sou taks atravè Règleman sa a, kidonk w ap responsab pou w chèche pwòp konsèy sou taks ou ak/oswa konsèy kontablite w konsènan obligasyon taks ou yo.

Kisa m ap abandone pou m rete nan Gwoup Règleman an?

Si Tribinal la apwouve Règleman sa a, Règleman an ap antre an vigè 30 jou apre yo fin antre lòd apwobasyon an, depi pa gen okenn apèl kont desizyon Tribinal la. Lè règleman an antre an vigè, tout manm gwoup règleman an ki pa te chwazi soti nan gwoup règleman an alè e kòmsadwa pral libere Public Partnerships LLC ak tout "pati Public Partnerships libere yo" (jan sa defini nan Akò Règleman an) anba reklamasyon sa yo:

(1) nenpòt ak tout reklamasyon ki te fèt nan non Gwoup Règleman an oswa Kolektif Règleman an oswa ki te ka fèt nan non Gwoup Règleman an oswa Kolektif Règleman an sou baz reyalite yo te mansyone nan Premye Plent Amande a, ak (2) nenpòt ak tout reklamasyon salè ak lè jiska Dat Egzekisyon Règleman an (ansanm, "Reklamasyon Gwoup yo Abandone yo"). San yo pa limite sa ki endike anwo a, Reklamasyon Gwoup yo Abandone yo gen ladan tout reklamasyon federal, eta, ak lokal pou salè, konpansasyon, konje peye, oswa benefis konje peye, ak reklamasyon ki gen rapò ak

penalite, enterè, domaj likide, frè avoka, depans ak frè Gwoup Règleman an ak Kolektif Règleman an ka te genyen nan Dat egzekisyon règleman an, ki gen ladan, men pa limite a, tout reklamasyon dapre Lwa sou Estanda Travay ki Ekitab (FLSA), Lwa sou Parite Salè (WPA), Lwa Travay Nouyòk (NYLL), Lwa Travay Nouyòk § 195, Lwa sou Konje Sekirite ak Konje Maladi yo Akimile (ESSTA), Lwa sou Konje Maladi ak Konje San Danje Peye (PSSLL), vyolasyon kontra, ak nenpòt règleman ki gen rapò, òdonans oswa Òdonans Salè, reklamasyon Lwa sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye (ERISA) ki gen rapò ak nenpòt aspè nan MEC oswa peman ki gen rapò ak MEC ki endike nan Seksyon IV, ak nenpòt lòt reklamasyon ki fèt nan Premye Plent Amande a. Egzeyat sa a pa gen ladan reklamasyon ki baze sou konduit ki fèt apre 23 jen 2026.

Sa vle di Manm Gwoup yo pral renonse a tout reklamasyon yo fè nan aksyon sa a, epi yo pral renonse a dwa pou yo pouswiv Public Partnerships LLC alavni pou menm reklamasyon yo ak pou tout reklamasyon salè ak lè travay ant 1ye mas 2025 ak 23 jen 2026, jan sa endike pi wo a.

Sa ki enpòtan, renonsyasyon ki anwo a gen ladan reklamasyon ki fèt dapre FLSA, ki se lwa federal sou salè ak lè travay. Pleyan yo kwè sa a jis paske tout reklamasyon dapre FLSA yo sipèpoze ak reklamasyon dapre lwa eta a ki fèt dapre lwa sou salè Nouyòk ki aplikab yo. **Si w pa refize patisipe nan règleman an, e Tribinal la apwouve règleman an, w ap renonse ak dwa w pou w fè yon reklamasyon pou nenpòt vyolasyon FLSA, ki gen ladan nenpòt swadizan salè yo poko peye yo dwe dapre FLSA a ak nenpòt domaj likid ki disponib, jiska 23 jen 2026.**

Jan sa endike pi wo a, renonsyasyon an ka afekte dwa w yo, epi li ka gen obligasyon, alavni. Pou w wè tout kondisyon renonsyasyon sa a ki nan Akò Règleman an, ansanm ak Premye Plent Amande pleyan yo ak lòt dokiman ki gen rapò ak sa, tanpri klike isit la.

Deside Kisa pou w Fè

Kijan pou m evalye opsyon mwen yo?

Ou gen twa opsyon. Ou ka pa fè anyen epi resevwa lajan règleman an, ou ka chwazi pou w pa patisipe nan Règleman an, oswa ou ka fè objeksyon kont Règleman an. Tablo sa a montre enpak chak opsyon:

	Pa Fè Anyen	**Chwazi Pa Patisipe**	**Fè Objeksyon**
Èske mwen ka resevwa lajan règleman an si mwen . . .	WI	NON	WI
Èske mwen gen obligasyon pou m respekte kondisyon ki nan pwosè sa a si mwen . . .	WI	NON	WI
Èske mwen ka pouswiv pwòp ka mwen an si mwen . . .	NON	WI	NON

Èske avoka gwoup yo ap reprezante m si mwen . . .	WI	NON	NON (konsènan objeksyon)

Resevwa yon Peman

Kijan mwen pral resevwa peman mwen an?

Si Public Partnerships LLC te voye peman w lan atravè depo dirèk lè w te bay sèvis ak Public Partnerships LLC, yo pral fè Peman Règleman w lan atravè depo dirèk nan dènye kont labank ou te gen nan dosye w ak Public Partnerships LLC. Si w te resevwa peman w lan nan men Public Partnerships LLC atravè chèk, Peman règleman w lan ap fèt atravè chèk.

Tanpri kontakte Administratè Règleman an, Atticus Administration, nan 1-800-314-2601 si w vle konfime adrès ou oswa enfòmasyon sou peman w.

Si w vle resevwa peman w lan pa chèk epi w te demenaje depi w te travay pou Public Partnerships LLC, ou ka mete ajou tou adrès postal ou pou w resevwa chèk ou a lè w klike isit la.

Èske mwen gen yon avoka nan pwosè sa a?

Nan yon aksyon kolektif, tribinal la nonmen reprezantan gwoup yo ak avoka pou travay sou ka a epi reprezante enterè tout manm gwoup la. Pou règleman sa a, tribinal la te nonmen moun sa yo ak avoka yo.

Avoka w yo: Yo te nonmen Katz Banks Kumin LLP (Hugh Baran, Emma Walters, ak Avi Kumin) ak The Legal Aid Society (Richard Blum, Rebekah Cook-Mack, Michael Diller, B. Franco Olshansky, Elizabeth Saylor, Belkys Garcia, ak Rebecca Antar) kòm avoka gwoup la.

Sa yo se avoka ki te negosye règleman sa a nan non w.

Si w vle pwòp avoka w reprezante w, ou ka anboche youn ak pwòp depans ou.

Èske mwen dwe peye avoka yo nan pwosè sa a?

Y ap peye frè ak depans avoka yo apati Fon Règleman an. **Ou p ap oblije peye avoka yo dirèkteman.**

Jiska prezan, avoka w yo pa t resevwa okenn lajan pou travay yo oswa depans yo te fè pou ka a. Pou peye pou tan yo ak risk yo pran lè yo te pote ka sa a san okenn garanti peman sof si yo te reyisi, avoka w yo pral mande, nan kad apwobasyon final règleman sa a, pou tribinal la apwouve yon peman jiska 15% nan Fon Règleman an pou frè avoka yo, plis ranbousman depans pèsonèl yo, ansanm ak depans pou administrasyon règleman an.

Yo pral bay onorè ak depans avoka yo sèlman si tribinal la apwouve yo kòm yon montan ki jis e rezonab. Ou gen dwa pou w opoze ak frè avoka yo menm si w panse kondisyon règleman an jis.

Avoka w yo pral mande tribinal la tou pou l apwouve peman sèvis 15,000 dola pou chak nan Reprezantan Gwoup yo (Philip Calderon, Allison Fields, Farshad Pinchasi, ak Dana Folgar) pou tan ak efò yo te kontribye nan ka a. Si tribinal la apwouve l, yo pral peye prim sèvis yo apati Fon règleman an.

Chwazi Pa patisipe

E si mwen pa vle fè pati règleman sa a?

Ou ka chwazi pa patisipe. Si w fè sa, ou p ap resevwa peman epi ou pa ka fè objeksyon kont règleman an. Sepandan, ou p ap gen okenn obligasyon oswa ou p ap afekte akoz okenn bagay ki rive nan pwosè sa a epi ou ka anmezi pou w depoze pwòp pwosè ou. Ou pa ka eskli tèt ou nan chanjman pwogram yo mande nan règleman yo pwopoze a.

Kijan pou m refize patisipe?

Pou w soti nan Règleman an, ou dwe ranpli fòm pou w pa patisipe a isit la epi voye l pa lapòs pou li gen tenb lapòs anvan 19 septanm 2026 bay Administratè Règleman an nan:

Public Partnerships Settlement
c/o Atticus Administration
PO Box 64053
St. Paul, MN 55164
1-800-314-2601

Ou ka telechaje fòm nan tou lè w konekte sou sit entènèt règleman an, www.PublicPartnershipsSettlement.com, oswa lè w voye l pa imèl bay Administratè a. Si w voye yon fòm refi pou patisipe nan fason sa a, ou dwe voye l pou yo resevwa l anvan 19 septanm 2026. Asire w ou mete non w, adrès ou, dat nesans ou, nimewo telefòn ou, ak siyati w.

Objeksyon

E si mwen pa dakò ak règleman an?

Si w pa dakò ak nenpòt pati nan règleman an (ki gen ladan frè avoka yo) men ou pa vle soti, ou ka fè objeksyon. Ou dwe bay rezon ki fè w panse tribinal la pa ta dwe apwouve règleman an epi di si objeksyon w lan aplike pou ou sèlman, pou yon pati nan gwoup

la, oswa pou tout gwoup la. Tribinal la pral konsidere opinyon w. Tribinal la ka sèlman apwouve oswa refize règleman an — li pa ka chanje kondisyon règleman an. Ou ka, men ou pa bezwen, anboche pwòp avoka w pou ede w, ak pwòp depans ou.

Pou w fè objeksyon, ou dwe voye yon lèt bay Administratè a ki:

(1) gen tenb lapòs ki gen dat 19 septanm 2026 pou pi ta;
(2) gen ladan l non ak nimewo ka a (*Calderon et al v. Public Partnerships LLC*, Ka Nimewo 25-cv-2320 (FB)(LKE))
(3) gen non konplè w, adrès ou ak nimewo telefòn ou, ak adrès imèl ou;
(4) endike rezon ki fè w fè objeksyon w lan;
(5) di si ou menm oswa avoka w la gen entansyon parèt nan Odyans Apwobasyon Final la ak non avoka w la;
(6) siyati w.

Voye lèt la bay:

Public Partnerships Settlement
c/o Atticus Administration
PO Box 64053
St. Paul, MN 55164

Pa fè anyen

Ki konsekans ki genyen si w pa fè anyen?

Si w pa fè anyen, w ap resevwa yon peman ak lòt èd epi w ap gen obligasyon nan règleman an ak dispozisyon "dechaj" li yo. Sa vle di ou p ap kapab kòmanse, kontinye, oswa fè pati okenn lòt pwosè kont Public Partnerships LLC (oswa nenpòt antite oswa moun ki gen rapò ak li) sou pwoblèm ki nan ka sa a, **ki gen ladan nenpòt reklamasyon kont Public Partnerships LLC dapre Lwa sou Nòm Travay Ekitab (FLSA) jiska 23 jen 2026.** Ou ka jwenn yon deskripsyon konplè sou reklamasyon yo ak moun ki pral libere anba reklamasyon sa yo si yo apwouve règleman sa a isit la.

Resous Kle yo

Kijan pou m jwenn plis enfòmasyon?

Avi sa a se yon rezime règleman yo pwopoze a. Ou ka jwenn règleman konplè a ak tout kondisyon li yo isit la. Pou w jwenn yon kopi Akò règleman an oswa pou w jwenn repons pou kesyon w yo:

- rele administratè a (1-800-314-2601)

- vizite sit entènèt ka a nan www.PublicPartnershipsSettlement.com
- aksede a sistèm Dosye Elektwonik Tribinal (PACER) la sou entènèt oswa lè w vizite biwo Grefye Tribinal la (adrès ki anba a).

Resous	Enfòmasyon pou Kontakte
Sit entènèt ka a	www.PublicPartnershipsSettlement.com
Administratè Règleman an	Public Partnerships Settlement c/o Atticus Administration PO Box 64053 St. Paul, MN 55164 1-800-314-2601 PublicPartnershipsSettlement@atticusadmin.com
Avoka Ou yo	**KATZ BANKS KUMIN LLP** Hugh Baran Emma Walters Avi Kumin 111 Broadway, Suite 1403 New York, NY 10006 (646) 759-4501 PPLSettlementInquiries@katzbanks.com **THE LEGAL AID SOCIETY** Richard Blum Rebekah Cook-Mack Michael Diller B. Franco Olshansky Elizabeth Saylor Belkys Garcia Rebecca Antar 49 Thomas Street, Fifth Floor New York, NY 10013 (212) 440-4300 civ_hq_employment@legal-aid.org
Tribinal (PA KONTAKTE)	U.S. District Court for the Eastern District of New York 225 Cadman Plaza East Brooklyn, NY 11201